



# Fon sekou pou COVID-19 disponib pou moun ki abite nan Konte Miami-Dade

Nan Jodi 16 jiyè, Konsèy Komisyònè Miami-Dade yo, te deziyen United Way Miami-Dade pou distribye fon sekou Lwa Cares lan bay moun ak fanmi ki kalifye yo. **Objektif Pwogram Èd pou Pandemi Miami-Dade lan** se pou ede soutni rekiperasyon ekonomik kominate Miami-Dade lan ki afekte nan pandemi an. United Way Miami-Dade ap aksepte epi travay sou aplikasyon pou moun ki abite nan konte a ki ranpli kritè èd pou difikilite.

Yo mete Pwogram Èd pou Pandemi Miami-Dade lan pou abòde deranjman ekonomik ki genyen pou yon ti tan sou fanmi k ap travay nan Konte Miami-Dade; pou fè sa, li bay yon èd pou sitiyasyon difisil. Konte Miami-Dade lan bay finansman pou pwogram sa a nan kad sekou Lwa federal Cares ke yo bay pou Eta Florid la.

**Aplikasyon an sou entènèt pral relouvre 17 Novanm a 9 am. Se sèlman yon kantite aplikasyon yo pral aksepte. Pou aplike pou èd, vizite: <https://apply.unitedwaymiami.org/submit>**

## Kimoun ki kalifye:

- Se sèlman aplikan premye fwa yo pral konsidere
- Pwogram lan disponib sèlman pou moun ki abite aktyèlman nan Konte Miami-Dade.
- Demandè ki te sibi yon gwo pèt revni, ki vin nan chomaj, epi/oswa ki te vin gen depans sanzatann akòz Pandemi COVID-19 lan.
- Yo pral detèmine kantite lajan èd pou difikilte yo dapre plizyè kritè, sa gen ladan:
  - Kantite moun ki nan fwaye a
  - Revni moun nan fwaye a
- Sibvansyon èd pou difikilte yo pral rive jouk nan \$1000 oswa \$2000 pou yon fwaye, sa ki depann de kalifikasyon.

## Dokiman sipò obligatwa:

- Prèv rezidans nan Konte Miami-Dade
  - Lisans chofè oswa ID ki gen foto ki emèt nan Florid
  - Fòm ranplasman ID foto (paspò, kat rezidan pèmanan, elatriye)
  - Bòdwo/relve kont sèvis publik ki verifye non ak adrès demandè a
- Deklarasyon taks pou 2018/2019
  - 2 mwa relve bank (si deklarasyon taks yo pa disponib)
- Verifikasiyon difikilte finansye a oswa pèt revni yo (avi patwon an bay konsènan sitiyasyon travay)
- Dokiman/imaj ki verifye enfòmasyon sou kont labank pou yon transfè fon elektwonik (si sa aplikab)

**ENPÒTAN:** Pou evite reta ede, tanpri verifye tout enfòmasyon ki antre yo kòrèk epi akonpaye pa bezwen yo mande yo. Pa soumèt kopi. Si ou gen nenpòt kesyon oswa ou bezwen asistans tanpri imèl [MPAPsupport@unitedwaymiami.org](mailto:MPAPsupport@unitedwaymiami.org) oswa rele (305) 646-7068.

Aksè plis enfòmasyon ki gen rapò ak pandemi ak resous:

[unitedwaymiami.org/coronavirusresources](https://unitedwaymiami.org/coronavirusresources)

[miamidade.gov/global/initiatives/coronavirus/home.page](https://miamidade.gov/global/initiatives/coronavirus/home.page)